

# FEMA ap bay travay: Èd pou Siklòn Helene ak Milton

---

Release Date: Oktòb 22, 2024

**TALLAHASSEE, Fla.** – Vin travay pou Ajans Federal Jesyon Ijans ( Federal Emergency Management Agency, FEMA) epi ede nan retablisman kominote ou a apre siklòn Helene ak Amilton nan.

FEMA ap rekrute moun lokalman pou plis pase 600 plas travay nan Gainesville, Melbourne Beach, Sarasota ak Tallahassee, Florida. Anplwaye lokal yo se rezidan lokal k ap ede nan retablisman kominote pa yo a epi k ap ede vwazen yo nan pwosesis retablisman an. Gen anpil anplwaye FEMA ki kòmanse karyè yo nan jesyon ijans pandan y ap ede nan retablisman pwòp kominote yo apre yon katastwòf.

Se travay aplantan (8èdtan), pandan 120 jou, ki kapab dire plis tan si gen plis bezwen.

Anplwaye lokal FEMA yo kalifye pou avantaj sa yo:

- Kouvèti asirans sante endividyèl oswa pou fanmi. Kontribisyon anplwayè a se 75% prim nan. Moun yo anplwaye lokal yo kalifye pou anrejistre pou kouvèti asirans sante apati dat yo kòmanse travay la oswa dat yo vin anplwaye nan FEMA a.
- Kont depans fleksib
- Asirans federal pou swen alontèm
- Posibilite pou genyen 4 èdtan konje maladi pou chak peryòd y ap fè pèman.
- Pèman jou ferye
- Konpansasyon travayè

FEMA aksepte aplikasyon pou plas travay sa yo:

- Y ap aksepte yo nan lè **11:59, lè Zòn Lès, nan jou Samdi k ap 26 Oktòb ka:**
  - Espesyalis nan Enfòmasyon: [USAJOBS – Anons pou Plas Travay \(Job Announcement\)](#)



**FEMA**

Page 1 of 2

- Espesyalis nan Lojman Fabrike: [USAJOBS – Anons pou Plas Travay \(Job Announcement\)](#)
- Espesyalis nan Jesyon Pwopriyete: [USAJOBS – Anons pou Plas Travay \(Job Announcement\)](#)
- Espesyalis nan Kòmand: [USAJOBS – Anons pou Plas Travay \(Job Announcement\)](#)
- Espesyalis nan Lojistik: [USAJOBS – Anons pou Plas Travay \(Job Announcement\)](#)
- Espesyalis nan Anviwònman Plenn Inondab: [USAJOBS – Anons pou Plas Travay \(Job Announcement\)](#)
- Espesyalis nan Verifikasyon Konfòmite Anviwònmantal: [USAJOBS – Anons pou Plas Travay \(Job Announcement\)](#)
- Y ap aksepte yo nan lè **11:59 nan apre midi, Lè Zòn Lès, nan jou Samdi k ap 28 Oktòb la:**
  - Jesyon Ijans 2: [USAJOBS – Anons pou Plas Travay \(Job Announcement\)](#)

Tout plas travay yo ap fèmen nan lè **11:59 nan apre midi, Lè Zòn Lès**, nan dat fèmti a oswa lè yo fin resevwa kantite maksimòm aplikasyon yo. Yo ka ajoute plis plas travay apre. Pou w ka wè tout pla travay ki disponib yo, vizite [USAJobs.gov](#), tape "Local Hire (Rekritman Lokal)" nan seksyon mo kle a ak "Florida" pou lokalizasyon an.

Pou w ka jwenn konsèy, sitou sou fason pou w prepare Kourikouloum Vitè ou ak fason pou w navige sou sit entènèt la, vizite [Sant ÈD USAJOBS \(USAJOBS Help Center\) - Pwosesis pou fè yon Aplikasyon \(Application Process\)](#).

Tout moun k ap aplike yo dwe se sitwayen Ameriken, gen 18 lane oswa plis; epi yo dwe gen yon diplòm etid segondè oswa Diplòm Ekivalans Jeneral (General Equivalency Diploma, GED). Y ap gen pou fè yon ankèt sou pase moun yo ki ap gen ladan l anprent ak verifikasyon kredi yo. Anplwaye yo gen obligasyon pou patisipe nan depo dirèk oswa nan transfè lajan elektwonik pou peye salè. Si yo jwenn ou kalifye, yo ka rele w pou w vin pase yon entèvyou.

Pou w ka jwenn dènye enfòmasyon sou rekonstriksyon apre Siklòn Milton nan, vizite [fema.gov/disaster/4834](#). Pou w ka jwenn enfòmasyon sou retablisman apre siklòn Helene nan, vizite [fema.gov/disaster/4828](#). Swiv FEMA sou X sou [x.com/femaregion4](#) oswa sou Facebook sou [facebook.com/fema](#).



**FEMA**

Page 2 of 2